Ulıwmalastırıp aytqanda, búgingi kúnde sociallıq tarmaqlar turmısımızǵa tereń kirip barıp, jámiyettiń hár bir tarawlardaǵı maǵlıwmatlardı hám jańalıqlardı tarqatıw baǵdarındaǵı áhmiyetli qural bolıp xızmet etpekte.

**Paydalanılǵan adebiyatlar**


1. URL: Internet foydalanuvchilari soni 5.5 mlrdga yetadi. https://protsess.uz/1481 (ko‘rilgan sana 29.11.2024)
2. URL: Ijtimoiy tarmoqlarning paydo bo‘lishi. https://imomtermiziy.uz/uz/news/279 (ko‘rilgan sana 16.02.2023)
3. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.
4. URL: Yoshlarning ijtimoiy tarmoqlar orqali mamlakat imijini oshirishdagi roli. https://beruniyalimov.uz/archives/705
5. URL: O‘zbekistonda internetdan foydalanuvchilar soni 31 milliondan oshdi. https://www.gazeta.uz/oz/2022/12/15/internet-users/ (ko‘rilgan sana 15.12.2022)



**REZYUME.** Maqolada axborot asrida ijtimoiy tarmoqlarning paydo bo‘lish va shakllanish boshqichlari, uning jamiyat rivojlanishidagi o‘rni ham da ahamiyati o‘rganilgan. Shuningdek, bugingi kundagi ijtimoiy tarmoqlarning xususiyatlaridan kelip chiqib, ularning klassifikastiyasi va turlari ko‘rsatib berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье изучены этапы возникновения и формирования соиальных сетей в информационную эпоху, их роль и значение в развитии общества. Также на основе характеристик современных социальных сетей представлена их классификация и виды.

**SUMMARY.** The article examines the stages of the emergence and formation of social networks in the information age, as well as their role and significance in the development of society. Based on the characteristics of modern social networks, their classification and types are also presented.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ЭТНОСПОРТЫ ТҮРЛЕРИН ҒХҚ АРҚАЛЫ СӘЎЛЕЛЕНДИРИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ


**Чаржаў Елмуратов** – *еркин излениўши*

*Өзбекстан Журналистика ҳәм ғалаба коммуникациялар университети*



**Таянч сўзлар:** миллий ўйинлар, халқ ўйинлари, этноспорт, федерация, конфедерация, энциклопедия, ошиқ, бабки, ассоциация, қашарман топ, бейсбол, лапта.

**Ключевые слова:** национальные игры, народные игры, этноспорт, федерация, конфедерация, энциклопедия, асык, бабки, ассоциация, кашарман топ, бейсбол, лапта.

**Key words:** national games, folk games, ethnosport, federation, confederation, encyclopedia, asyk, babki, association, kasharman top, baseball, lapta.


Бүгинги күнде кең дүнья жәмийетшилигинде дәстүрий спорт илажлары менен халық ойынларын раўажландырыўғ, соның ишинде, усы жаңа атамадағы заманагөй халық спорт түри есапланған этноспортқа жоқары әҳмийет қаратылмақта. Ҳәр халықтың этникасын, миллий қәдриятлары менен рәң-бәрең дәстүрлерин өзинде жәмлеген бул спорт түри ҳәр қыйлы еллер арасында халықлардың дәстүрлерине ҳүрмет сезимлерин оятып, мисли халықаралық дослықты жырламақта. Соның менен бирге, усы тийкарда этноспорт туризми де раўажланып атыр.

Әҳмийетлиси, этноспорт – халқымызды, әсиресе, өсип киятырған жас әўладларды физикалық ҳәм руўхый жақтан саламат, миллий өзликти аңлаў ҳәм оны мақтаныш етиў, соның ишинде, Ўатансүйиўшилик руўхында тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Ҳақыйқатында да, этноспорттың түп-тийкарында ҳәр бир халықтың келип шығыўы, турмыс шараяты ҳәм исенимлери, миллий үрп-әдетлери менен мәресимлери, сондай-ақ, кеўилашар ойынлар менен майдан тамашаларының элементлери жатады.

Келиң дәслеп, этноспорт термини, оның түсиниги және дүньяда ҳәм түркий халықлар арасында ғалаба ен жайыўы ҳаққында қысқаша тоқтап өтемиз.

Этноспорт түсиниги 2010-жылы дәстүрий ойынлар ҳәм жарыс турнирлериниң заманагөй (фольклорлық) формасын классификациялаў ушын россиялы мәденияттаныўшы илимпаз А.Кыласов тәрепинен илимий айланысқа киргизилген. Этноспорт дегенде ( әййемги грек тилиндедеги – «etnos» (халық) ҳәм «sport» сөзлеринен алынған.) этноспорт теориясында сәўлеленген физикалық жумыстың дәстүрий түрлери, оларды сақлаў ҳәм раўажландырыў усылларының топламы түсиниледи. [1.41-43.]

Матвеев Д.А. өзиниң "Этноспорт: понятие и дискурс" атлы илимий мийнетинде "Этноспорт" түсиниги миллий спорт түрлериниң синоними ретинде де қолланылады. Сондай-ақ, Этноспорт – бул этникалық жақтан өзине тән белгилерине ийе болған айрықша спорт түри есапланады [2], деп көрсетеди. 2011-жылы россиялы мәденияттаныўшы илимпаз, этноспорт теориясының авторы Алехсей Кыласов тәрепинен шөлкемлестирилген Этноспорт ҳәм ески ойынлар Федерациясы (*Федерацию исконных забав и этноспорта Россия* ) пүткил дүньядағы дәслепки шөлкем болған болса [3.112.], буннан соң, 2015-жылы Нежмеддин Билол Эрдоған тәрепинен Түркия Республикасының пайтахты Станбулда Пүткил жер жүзилик Этноспорт Конфедерациясы шөлкемлестирилди. [4]

Бул Конфедерация қурамында Россия, Қазақстан, Қырғызстан, Түркия, Әзербайжан Манголия, Венгрия, Грузия, Аргентина, Япония, Мексика, Польша, Қатар, Румыния, Тунис ҳәм Литва сыяқлы мәмлекетлер қатарында Өзбекстан Республикасы да белсенди ағза болды. [5] Атап айтқанда, 2021-жылы Өзбекстанда Этноспорт ассоциациясы шөлкемлестирилип, Пүткил жер жүзилик Этноспорт Конфедерациясы менен өз ара бирге ислесиў меморандумына қол қойылды.

Конфедерациясы этноспорт ҳаққында: Әйне пайытта дәстүрий спорт ҳәм миллий ойынлар жаңалықларға айланды ҳәм ол пүткил дүнья жәмийетшилиги тәрепинен қоллап-қуўатланбақта. Миллий халық ойынлары ҳаққында хабардарлықты арттырыў инсаниятқа өз тәбиятына тән болған тийкарғы қәдриятларын еслететуғынына гүман жоқ. Улыўма жер жүзилик қәдриятлар шеңберинде дәстүрий миллий спорт ойынлары инсаниятқа өзинде бар болған төрт принципти: дәстүр, ҳүрмет, аўызбиршилик ҳәм тынышлық тийкарында үлес қосыўды мақсет еткен. [6] дейди.

Усы орында Алексей Кыласовтың мына пикирлерин де келтирип өтиў орынлы деп ойлаймыз: этноспорт – спорттың фольклорлық түри болып табылады. Оның теориясына көре, ҳәр бир этникалық топар дәстүрий ойынлар тийкарында өз этноспортын жаратады. Сонлықтан, бунда миллет атамасын көрсеткен дурыс. [7.41-43.]

Ҳақыйқатында да, ҳәр бир халықтың усы бағдардағы этникалық өзгешеликлери есапқа алынса, ҳәр бир миллеттиң этноспорты болады ҳәм оны ҳәр бир халық өзинше жарата алады. Мысалы, биз рус этноспорты, түрк этноспорты, қазақ, қырғыз ҳәм өзбек этноспорты, сондай-ақ, қарақалпақ этноспорты, деп сөз жүритиўимизге, бул бойынша изертлеў жумысларын алып барыўымызға болады.

Солай екен, илимий мийнетимиздиң тийкарғы мақсетинен келип шыққан ҳалда биз дәслеп рус ҳәм түрк этноспорты түрлерин үйренемиз.

Россия Этноспорт ҳәм ески ойынлар Федерациясы (*Федерацию исконных забав и этноспорта Россия*)ның бүгинги күнде миллий ойынлар ҳәм этноспорт илажлары шеңберинде турақлы ғалабаласқан этноспорт түрлерине тоқтап өтсек. Оларға: *"русская стенка», «русмяч», «борьба за-вороток», «перетягивание палки», «поединок один-на-один», «рюхи», «стрельба из лука по бабкам», «свайка», «лапта», «палочный бой», «русская пляска»* ҳәм «*бабки*» ойынлары киреди. [8.] (1-сүўрет).

1-сүўрет.




Конфедерация болса, өз электрон веб-сайтында бул бағдарда 40 түрк этноспорты түрин көрсетеди. Онда жекпе-жек миллий гүрестиң (*glima, alysh, Kuşak Güreşi, Gyulesh, Krech, Aba Güreşi, Belboğli Kuraş, Mas Güreşi, Yağlı Güreş, Pencak Silat, Ristynes, Şalvar Güreşi, Ssireum*) 14 түри, атқа, ат спортына байланыслы (*Tskhenburti, Kokpar/ Kok-Boru, Audaryspak, Çevgan, Tenge Ilu, Isindi, Rahvan Binicilik, Atlı Cirit, Kabakhi, Marula, Atlı Okçuluk, Pato, Tent Pegging, Yabusame*) 14 түри, асық ойыны және басқа да жекпе-жеклик және топарлық ойынлар өз сәўлелениўин тапқан. [9.] (*2-сүўрет*)

2-сүўрет




Рус ҳәм түрк этноспорты мине, усы тийкарғы спорт түрлеринен ибарат болып, миллий ойынлар менен дәстүрий спорт түрлери сақланып, қайта раўажланбақта.

Орта Азиядағы қоңсылас мәмлекетлерди алып қарайтуғын болсақ, Пүткил жер жүзилик Этноспорт Конфедерациясына ағза мәмлекетлер тәрепинен 2012-жылдан баслап әмелге асырылып киятырған жойбарларға анализ жүргизиўимизге болады. Бунда сол жылы Қырғызстан ҳүкиметиниң басламасы менен Конфедерациясы менен биргеликте көшпели цивилизация мәдениятын тиклеў ҳәм сақлаў мақсетинде шөлкемлестирилген Көшпелилер ойынлары атамасындағы ири жойбарын және бул ойынлардың 2014, 2016 ҳәм 2018-жылларда әйне Қырғызстанда өткерилгенин атап өтиў орынлы. [10.35.]

Бул мағлыўматларды келтириўимизден мақсет – әйне усы түркий халықлардың этноспорт жойбарларында қоңсылас мәмлекетлердиң этноспорт түрлери өз сәўлелениўин таўып келмекте. Мысалы, Қырғызстан қырғыз этноспорты түрлерине:

“Алыш”, “Алай курош”, “Кыргыз курош” (палўанлар жекпе-жек гүресиниң түрлери), “Аламан байге”, “Кок-бөру”, “Улак тартыш”, “Оодарыш”, “Тыйын энмей”, “Кулатуу”, “Кунан чабыш”, “Ат чабыш” (атқа байланыслы спорт түрлери), “Салбуурун” (аңшылыққа байланыслы) “Аркан тартуу”, “Ордо” (асық), “тогуз коргоол” (тоғыз қумалақ) сыяқлы миллий ойынларын киргизди. [11.] Дүнья жүзилик Көшпелилер ойынлары жойбары 2024-жылы Қазақстан Республикасында шөлкемлестирилди ҳәм онда төмендеги сүўреттеги Қазақ этноспортының түрлери өз сәўлелениўин тапты. [12.]

***3-сүўрет***




Өзбек этноспортына келетуғын болсақ, ол тийкарынан: ҳәрекетли, интелектуаллық, әскерий, тахта, шопан ҳәм аң ойынлары дүркининдеги 6 бағдарды өз ишине қамтып алады. Олардан этноспорт түрлерине болса: миллий гүрес түрлери, Әмир Темур шахматы, оқ жайдан оқ атыў, ат спорты, жыртқыш қуслар менен аң аўлаў, баҳадыр (күшли)лер ҳәм дәрўаз ойынлары киргизилди. [13.133]

Усы жерде, орынлы сораў туўылады. Хош қарақалпақ этноспорты дизимине қайсы халық ямаса миллий ойынлар киреди? Тилекке қарсы, Өзбекстанда Этноспорт ассоциациясының шөлкемлестирилгенине дерлик 4 жыл толған болса да, бул мәселе еле изертленбеген ҳәм бул ҳаққында ҒХҚларда сәўлеленген мағлыўматлар ушыраспайды. Жергиликли тараўлық мәкеме-шөлкемлерде де бул мәселе бойынша мағлыўматлар яки изертлеўлер жоқ.

Жоқарыдағы рус, түрк, қырғыз, қазақ ҳәм өзбек этноспорты түрлерине киши анализ жүргизетуғын болсақ, рус этноспорты дизиминдеги қазық қағыў (свайка), таяқ пенен урысыў (палочный бой), таяқ тартысыў (перетягивание палки), оқ жайдан оқ атыў (стрельба из лука по бабкам) ҳәм жекпе-жек урысыў (поединок один-на-один) сыяқлы ойынлардың элементлери яки толық түри көплеген түркий халықларда, соның ишинде қарақаллпақ халқының миллий ойынларын да да ушырасады.

Ал, дизимдеги “лапта” ойыны болса, қарақалпақ халқының көп әсирлик тарийхқа ийе болған “қашарман топ” ойынына жүдә уқсас. Қашарман топ ойынына айырым ҳәрекетлери менен мазмуны жақын уқсайтуғын ойынлар Англияда “крикет”, АҚШта “бейсбол”, Финляндияда “песа палло”, Руминияда “ойна” деп аталады ҳәм жаслар арасында үлкен қызығыўшылық пенен ойналады. Бүгинги күни АҚШта жәнe раўажланған бир қатар мәмлекетлерде кеңнен тарқалған “бейсбол” ойынының тийкары усы қарақалпақ миллий ойыны қашарман топтан келип шыққан, деген жуўмаққа келиўге толық тийкар бар. [14.3] Ал, “бабки” ойынына келетуғын болсақ академик М.Нурмухаммедов оны қарақалпақлардың ең белгили ҳәм сүйикли ойыны асық ойынының аналоги екенин атап өтеди. [15. 54-60] Бул ойын әйне пайытта түрк, қырғыз, қазақ ҳәм басқа да

түркий халықлардың этноспорт түрине киргизилген.

Түрк этноспортындағы ойынлар да жүдә уқсас. Жекпе-жек гүрестиң бир неше түрлери ҳәм ат спорты ойынлары дүркининдеги дерлик барлық ойынлардың элементлери қарақалпақ миллий ойынларында ушырасады. Мысалы, “көкпар” яки “ылақ ойыны” (*Kokpar/ Kok-Boru*,) түркий халықлардың көпшилигинде ушырасады ҳәм тийкарғы аңшылық ҳәм жаўынгерлик ойынларынан есапланады.

Қырғыз, қазақ ҳәм өзбек этноспортларында тәбийғый түрде уқсаслық бар. Мысалы, қырғыз этноспорты дизиминдеги “тогуз коргоол” (тоғыз қумалақ) ойынын алып қарайық. 1860-жылларда бизиң үлкемизге саяхат еткен дүньяға белгили Венгрия шығыстаныўшысы Ҳерман Вамбери (1832-1913) өзиниң этнографиялық бақлаўлары қатарында қарақалпақ балаларының “тоғыз қумалақ” (тоғызтомалақ) ҳәм “Асық” ойыны туўралы да баянлаған (Вамбери Ҳ. 1868. 277-279). [16.17-20] Тоғыз қумалақ ойыны қазақ этноспорты дизимине де киргизилген болып, әйне пайытта Қазақастанда усы ойын атындағы арнаўлы Федерация жумыс алып бармақта. [17.]

Тәбийғый түрде өзбек этноспорты дизимине киргизилген ойынлардың дерлик барлығы қарақалпақ миллий ойынларында ушырасады. Биз усы илимий мийнетимизде жоқарыдағы халықлардың этноспортын үйренгендеги тийкарғы мақсетимиз – ҳәзиргидей глобалласыў дәўиринде өсип киятырған жас әўладларда миллий өзликти аңлаў, миллий қәдриятларға ҳүрмет сезимлерин тәрбиялаў арқалы оларды Интернет тармағындағы зыянлы ағымлар тәсиринен қорғаўға үлес қосыў болып табылады.

Қарақалпақ этноспортын жетилистириў бағдарындағы жумысларға киши изертлеў жүргизе отырып, төмендеги жуўмақларға келинди.

1. Ҳүрметли Президентимиз 2023-жылдың 7-9-сентябрь күнлери Үргенч қаласында болып өткен халықаралық этноспорт фестивалының ашылыў салтанында миллий спорт түрлери ҳәм халық ойынларын ғалаба ен жайдырыў ҳәм раўажландырыўда журтымыздағы ҳәр бир район ҳәм қаланың өзине тән өзгешеликлерин есапқа алыў керек екенин атап өткен еди. [18.1.] Белгили болғанындай, қарақалпақ халқы өзиниң этникасы ҳәм миллий үрп-әдетлери және дәстүрлери менен басқа халық ҳәм аймақлардан парқланады. Қарақалпақ халқының 100 томнан аслам фольклоры, соның ишинде балалар әдебияты ҳәм өз миллий ойынлары бар. Усыннан келип шыға отырып, Қарақалпақстан Республикасы Спорт министрлиги жанында Этноспорт ассоциациясын шөлкемлетириўге толық тийкар ҳәм зәрүрлик бар.

2. Қарақалпақ балалар ҳәм жас өспиримлер миллий ойынлары бойынша баспасөзде жәрияланған материаллардан белгили болғанындай, олар жүдә көп ҳәм рәң-бәрең. Тилекке қарсы усы күнге шекем, этнография ҳәм әдебият ҳәм тарийх бағдарлары бойынша санаўлы илимий мийнетлер исленгени менен, Қарақалпақ миллий ойынлары энциклопедиясы ислеп шығылмады.

3. Қарақалпақ этноспортын жаратып, Пүткил жер жүзилик Этноспорт Конфедерациясына ағза еллер қатарына қосыў, миллий өзликти аңлаў, жас әўладларды миллий қәдриятлар руўхында тәрбиялаўдай дөретиўшилик жумыслар майданында бүгинги күнниң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан болып табылады.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1.Кыласов, А. В. Методология и терминология этноспорта / А. В. Кыласов // Вестник спортивной науки. – 2011. – № 5. С. 41-43.

2.https://cyberleninka.ru/article/n/etnosport-ponyatie-i-diskurs/viewer

3.Кыласов, А. В. Теория этноспорта: Монография / А. В. Кыласов. – Москва: Советский спорт, 2012. С.112. – ISBN 978-5-9718-0612-7.

4.О нас | Всемирная конфедерация этноспорта (worldethnosport.org)

5.Н.Исақова. International Conference on Developments in Education Hosted from Bursa, Turkey https: econferencezone.org June 10th 2022

6.ЧТО ТАКОЕ ЭТНОСПОРТ? (worldethnosport.org)

7.Кыласов, А. В. Методология и терминология этноспорта / А. В. Кыласов // Вестник спортивной науки. – 2011. – № 5. С. 41-43.

8.http://ethnosport.ru/

9.https://worldethnosport.org/ethnosports

10.Азизбаев С.С., Тагаев М.И. Всемирные игры кочевников: хроника событий и перспективы развития. // Web of Scholor/ 8(26) Vol.2, August 2018. С.35

11.wikipedia.org/wiki/Категория:Киргизские_национальные_виды_спорта

12.https://worldnomadgames.kz/ru/news/vidy-sporta

13.Turdimuratov Ya.F. Etnosport – milliy sport turlari va xalq oyinlarini rivojlantirishning muhim omili//Oriental Renaissance: Innovative, educational, natural and social sciences. №3. 2023. C-133.

14.П.Шылманов, Д.Беласаров, К.Нурымбетов. Қашарман топ // Н.:Қарақалпақстан. 2007. Б.3.

15.Нурмухамедов М.К. Игры в альчики у каракалпаков // Вестник ККФАН УзССР. – Нукус, 1983. -№1. С.54-60.

16.Әмирлан С.Е. Қарақалпақ балалар фольклоры үлгилериниң жыйналыў ҳәм жәрияланыў мәселелери.// “Халық аўызеки дөретиўшилиги миллий ҳәм улыўма инсаный қәдириятлар системасында” Халықаралық илимий конференция материаллары. Нөкис. 2015. Б.17-20.

17.Ш.М.Мирзиёев.//Халқаро этноспорт фестивали иштирокчиларига йўллаган нутқидан. // Янги Ўзбекистон газетаси. №184. 1-в.

**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада дунё этноспорт турлари, жумладан, Россия, Туркия, Қирғиз Республикаси ва Қозоғистон этноспорти рўйхатига киритилган этноспорт турлари тадқиқ қилиниб, улар қорақалпоқ миллий ўйинлари билан таққосланди. ОАВда айнан Қорақалпоқ этноспорти турларини ёритиш масалалари ўрганилди ҳамда уларни бартараф қилиш юзасидан илмий хулосалар қилинди.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье исследуются мировые виды этноспорта, в том числе виды этноспорта, включенные в список России, Турции, Кыргызской Республики и Казахстана, и они сравниваются с каракалпакскими национальными играми. Изучены вопросы освещения в СМИ именно видов каракалпакского этноспорта и сделаны научные выводы по их устранению.

**SUMMARY.** This article examines world ethnosports, including those included in the list of ethnosports of Russia, Turkey, the Kyrgyz Republic, and Kazakhstan, and compares them with Karakalpak national games. The issues of covering Karakalpak ethnosports in the media were studied, and scientific conclusions were drawn to eliminate them.

# ПРЕПОДАВАНИЕ РУССКОГО ЯЗЫКА КАК ИНОСТРАННОГО В УЗБЕКИСТАНЕ: СОВРЕМЕННЫЕ ВЫЗОВЫ И ПЕРСПЕКТИВЫ РАЗВИТИЯ

**Г.К.Генжебаева** – *старший преподаватель*
*НГПИ имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар:** интеркултурал компетенция, ўқув методикаси, тил сиёсати, таълим, онлайн курслар, мультимедиа материаллар, масофавий таълим платформалари, маданият, адабиёт ва таълимдаги технологиялар.

**Ключевые слова:** межкультурная компетенция, методика преподавания языковая политика, образование, онлайн-курсы, мультимедийные материалы, платформы дистанционного обучения, культура, литература, технологии в обучении.

**Key words:** intercultural competence, teaching methodology, language policy, education, online ourses, multimedia materials, distance learning platforms, culture, literature, and technologies in education.

С момента обретения независимости в начале 1990-х годов Узбекистан переживает глубокие изменения в области языка и культуры. В то время как узбекский язык укрепляется в официальной сфере, русский язык продолжает занимать важное место в межнациональной коммуникации, науке, образовании и бизнесе. В этом контексте преподавание русского языка как иностранного (РКИ) в Узбекистане сохраняет свою актуальность. Однако, несмотря на важность русского языка в повседневной жизни, процесс его преподавания сталкивается с рядом вызовов, обусловленных социально-политическими реалиями и этнокультурными особенностями региона.

1. Социально-политические и языковые реалии

Узбекистан — это многоязычная страна, где, помимо русского, активно используются